

KEBOGIRO

anakku lanang wis mulih manèh, oh, ati
 saka pulo kang adoh nyabrang segara rempela
 bagus, kabar apa kang kok-gawa saka kana?
 sengsara apa kang kok-sampiraké ing pundak kuwi?

nyedaka mréné, jlonèt, ambruk ing pangkonan
 dimèn bisa dak-serit rambutmu kang kebak awu
 baksil kang diguyuraké déning tangan-tangan jail

mara mrénéa nggér anakku kang naté ilang!
 sulingmu kang lumuten wis dak-ubah sarana eluh
 angkaten manèh pènmu kang tainen, asah
 tumuli bali nulis ing dluwang iki
 merga ana kang mokal runtuh
 omah éyub asaka kejujuran

anakku lanang ayo pađa nembang
 ésuk-ésuk
 lair manèh guritan selarik:
 tunggak waja kang sepi ing tindak deksiya

Sl. Soeprijanto

(in: Iesmaniasita, Guritan, Antologi
 Sajak-sajak Jawi, Surakarta, 1975).

First published
 between 1954 and 1967.